16 Aksyon ak Objè nan 16 Mwa

Timoun Ta Dwe Aprann Omwen 16 Aksyon ak Objè nan 16 Mwa

Rechèch demontre ke timoun yo aprann tank y ap pratike. Dekouvri sa yo ka fè ak yon objè mennen nan aprann pale ak jwèt wòl—epi sa lanse imajinasyon. Timoun yo ta dwe aprann omwen 2 nouvo aksyon ak objè chak mwa ant 9 mwa ak 16 mwa. Rive nan 16 mwa, timoun ta dwe itilize omwen 16 aksyon ak objè.



Ti bebe se eksploratè natirèl—ki gen motivasyon pou aprann depi lè yo fèt. Elan yo pou aprann soti nan fasinasyon yo pou tout bagay ki atire atansyon yo.





Jèn ti bebe "fè e defè" — toujou an mouvman. Y ap chache enfòmasyon sou mond lan. Yo fè ekperyans pou konprann fason bagay yo fonksyone. Antouzyas yo pou pataje eksperyans ak akonplisman yo kontajye.



9 MWA: BOUCH, FRAPE, LAGE

A 9 mwa, ti bebe yo repete diferan aksyon avèk objè yo. Yo mete li nan bouch yo pou eksplore karakteristik yo. Yo frape objè ak men yo epi yo frape de objè ansanm pou kreye son ak aksyon. Yo lage objè yo atè — kèk fwa pa chans men lòt fwa yo fè ekspre.



www.firstwordsproject.com ki kreye dokiman sa aCopyright © 2018 Florida State University. Tout dwa rezève.
















10 MWA: RETIRE, RALE

A 10 mwa, tibebe aprann kenbe ak rale — epi retire bagay, tankou chosèt, soulye, oswa chapo. Yo kenbe epi rale pou yo retire yon sèvyèt sou tèt yo epi jwe lago kache. Bebe atire pou gade sa ki nan yon tiwa ki ouvri epi pran bagay pou yo eksplore.

11 MWA: POUSE, VIRE

A 11 mwa, bebe aprann pouse. Yo ka pouse epi kraze bagay ki mou oswa pouse bagay ki di, tankou yo kle pyano pou yo fè son mizik ak bouton sou yon jwèt telefòn








oswa yon jwèt k ap sote. Yo ka pouse yon jwèt tren pou fè li bouje oswa yon tou ak tas pou yo frape li atè.

Ti bebe aprann vire bagay. Yo ka vire yon boul sou jwèt mobil yo, volan yon jwèt machin, oswa robinè ki nan benywa a. Yo ka vire paj ki nan yon liv. Yo ka vire yon panye tèt anba, mete li sou tèt yo, epi fè w ri.

12 MWA: FRAPE, METE NANPAT

 www.firstwordsproject.com ki kreye dokiman sa aCopyright © 2018 Florida State University. Tout dwa rezève.




A 12 mwa, bebe aprann frape. Yo ka frape tèt yo ak yon sèvyèt pou seche oswa frape Nounous yo. Byento, frap yo devlope tounen yon kalen pou pataje lanmou yo. Ti bebe aprann aksyon fonksyonèl ak yon objektif nan lespri yo. Yo ka mete bagay anndan — mete rad nan sechwa a oswa yon fòm nan pèzèl la. Soti nan "mete nan" yo aprann yon varyete aksyon fonksyonèl. Yo ka mete yon bibwon nan bouch yo pou bwè, yon kiyè nan yon bòl pou bwase ak yon kiyè nan bouch yo pou manje.

13 MWA: PRAN SWEN LÒT MOUN, OUVRI AK FÈMEN

Lè timoun yo gen 13 mwa, yo kòmanse aprann— lè yo o[illegible] sipòte sa y ap fè ak di. Yo ka bay Manmi






manje ak yon tas oswa Nounous la ak yon bibwon, pou montre ke yo pare pou jwe wòl.

Yo ouvri epi fèmen bagay pandan y ap aprann sèvi ak objè antanke zouti. Yo eseye ouvri epi fèmen pensèt ak epeng pou rad. Jèn tibebe ka ouvri epi fèmen bifèt ak pòt fou. Ofiramezi y ap vin pi mobil, anyen pa twò lwen pou yo. Ou ka sèvi ak enterè sa a pandan w ap envite yo fè aktivite ki san danje epi itil — tankou ouvri machin pou lave asyèt ak retire fouchèt ak kiyè.

14 MWA: DEPLASE OBJÈ DEVAN DÈYÈ, ANWO ANBA





A 14 mwa, jèn tibebe aprann deplase objè devan dèyè. Yo ka ede bwose dan ak cheve yo. Yo ka pouse yon jwèt devan dèyè epi pretann y ap pase aspiratè, eseye woule yon boul ba ou, epi eseye pouse yon zepeng devan dèyè.


Yo aprann deplase objè anwo anba epi eseye koupe bagay, reyèl oswa imajinè. Yo jongle ak yon kaswòl ki gen bagay envizib ladann epi y ap pran pòz y ap fè manje. Yo deplase bagèt anwo anba, y ap fè eksperyans ak son epi rit.


 www.firstwordsproject.com ki kreye dokiman sa aCopyright © 2018 Florida State University. Tout dwa rezève.

15 MWA: VIDE, LAVE AK SECHE

A 15 mwa, timoun aprann sèvi ak de objè ansanm ak yon plan nan lespri yo. Yo ka vide soti nan yon objè nan yon lòt — soti nan yon boutèy nan yon tas. Yo ka vide soti nan yon pèl nan yon bokit epi soti nan yon awozwa sou plant.

Ak yon plan nan lespri yo, yo ka ede lave ak siye asyèt e menm machin nan. Jèn tibebe enterese anpil nan jwe yon wòl nan travay fanmi an.






16 MWA: METE YOUN SOU LOT, KOUPE, FÈ MAJIGRIDI, DESINE

A 16 mwa, timoun ka fè epi kreye bagay. Yo ka mete 3 oswa 4 blòk youn sou lòt pou fè yon tou. Yo ka fè yon pi gwo tou ak blòk ki konekte, epi zanno nan yon poto. Yo gendwa koupe pat pou ede fè bonbon. Yo ka koupe fòm Playdoh epi mete yo ansanm pou fè yon kreyati. Timoun yo ap aprann fè desen. Yo ka fè majigridi ak yon kreyon epi pentire ak yon penso. Ak yon ti èd epi pratik, y ap eseye desine ak kreyon desen.

Kapte 16 Jès Yo ak Objè Se Yon Etap Esansyèl Pou Lanse Imajinasyon An





Obsève aksyon yon timoun ak objè ka di w anpil sou devlopman yo nan jwèt— epi si w ta dwe enkyete si yo pap pale. Aksyon yon timoun aprann varye tou depann de fanmi oswa kilti yo. Men kapte 16 aksyon ak nan 16 mwa objè se yon etap esansyèl pou tout timoun paske li lanse imajinasyon, epi li alimante aprantisaj lang. Rive nan 2yèm anivèsè yo, timoun aprann sèvi ak mo epi fraz ki dekri, envestige epi negosye ak lòt yo. Se kapasite sa a pou pale, imajine, epi kreye nouvèl ide ki poze baz pou aprantisaj pou tout lavi.



MEYÈ MOMAN POU PARE POU PRESKOLÈ SE ANT 9 A 16 MWA

Moman ki pi rich pou timoun yo aprann langaj bonè se lè timoun nan ak moun k ap pran swen li gen menm atansyon sou menm bagay la, epitou lè moun k ap pran swen li pale sou konsantrasyon atansyon timoun nan. Sa kreye opòtinite pou aprann sa ki devlope nan aksyon ak objè... epi jès. Lè w obsève premye aksyon yo ak objè epi jès yo ant 9 a 16 mwa, ou kapab jwenn yon apèsi enpòtan sou sa yon timoun konnen ak sou kisa l ap panse.



Si yon timoun pa itilize yon varyete aksyon ak objè epi jès soti nan 9 rive 16 mwa, lè sa a paran an ka pa gen chans pou reponn ak swiv objektif timoun nan. Sa limit opòtinite pou pi bon moman pou aprann ak pale. Siveye ti espas nan aksyon bonè ak objè ak jès soti nan 9 pou rive 16 mwa se pi bon moman pou pare pou preskolè yon fason pou timoun yo atenn potansyèl yo nan Kindègadenn.

Apwopo Seri 16 by 16™

Dokiman sa a se pati seri 16 by 16™ Pwojè **FIRST WORDS®**. Fanmi ak lòt ka aprann etap enpòtan nan kominikasyon sosyal k ap devlope rive nan 16 mwa pou lanse langaj, literati ak yon motivasyon pou aprantisaj. Jwenn enspirasyon nan fason timoun yo aprann menm avan yo ka di kèk mo. Vizite www.

 www.firstwordsproject.com ki kreye dokiman sa aCopyright © 2018 Florida State University. Tout dwa rezève.